
Reyinyon Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an

3 oktòb 2022

1. RSMPOC

Akèy ak Oryantasyon


Anrejistreman Reyinyon an

Sou demann manm kominote an, yo pral filme epi afiche evènman sa a sou sit entènèt Plan Estratejik Jeneral Roxbury an nan bit.ly/theRSMPOC pou moun ki pa kapab patisipe nan evènman an an dirèk sou Zoom.


Epi tou, li posib pou gen patisipan ki ap filme reyinyon an ak kamera telefòn yo oswa lòt aparèy. Si ou pa swete yo filme w pandan reyinyon an, tanpri dezaktive mikwo w ak kamera w.

Si kamera oswa mikwo w dezaktive, ou kapab toujou patisipe atravè fonksyonalite tchat tèks la.

Entèpretasyon ak Tradiksyon




“Spanish” –pou Panyòl
“Haitian Creole” –pou Kreyòl Ayisyen
“English” – for Anglè
“Cape Verdean Creole” - Kreyòl Kapvè





Konsèy pou aplikasyon Zoom la

Byenveni ! Men kèk konsèy sou kijan pou itilize Zoom pou moun ki fenk ap itilize l yo.


Kontwòl ou yo afiche nan pati anba ekran an




Itilize fonksyonalite tchat la pou ekri yon kòmantè oswa poze yon kesyon nenpòt lè w vle fè sa –
Manm RSMPOC/ BPDA yo pral anime tchat la



Pou w kapab leve men w, klike sou "Participants" (Patisipan) ki nan pati anba ekran w lan, epi apre sa chwazi opsyon "Raise hand" (Leve Men) nan espas patisipan an, oswa peze *9 sou telefòn ou



Mete sou silans/Retire sou silans – Opsyon sa ap mete patisipan yo sou silans pandan prezantasyon an – animatè an pral retire w sou silans pandan konvèsasyon an si ou leve men w epi si se tou pa w pou w pale. Pou w kapab mete oswa retire sou silans, peze *6 sou telefòn ou an.



Aktive/Dezaktive opsyon videyo ou an

Règleman Zoom Yo

Nou vle asire nou konvèsasyon sa reprezante yon eksperyans lajwa pou tout patisipan yo.

- Tanpri toujou rete sou silans toutotan yo pa site non w. Si ou ta renmen pale pandan moman sa a, tanpri itilize fonksyon "Raise Hand" (Leve Men) an nan Zoom pou yon animatè BPDA kapab retire patisipan yo sou silans.
- Tanpri toujou respekte tan youn lòt.
- Nou mande pou patisipan yo limite kantite kesyon yo pou lòt patisipan kapab patisipe nan diskisyon an. Si ou gen plis kesyon, tanpri rete tann jiskaske tout lòt moun k ap patisipe yo gen opòtinite pou poze kesyon.
- Si nou pa kapab reponn kesyon ou an nan reyinyon an, tanpri mete yo nan espas Tchat la lè tout bagay fini oswa voye yo nan imèl jonathan.short@boston.gov

Ajannda

- 1. Byenvini nan RSMPOC**
- 2. Rekòmandasyon Deziyasyon PRC pou Pati P-3**
- 3. Kesyon RSMPOC ak Piblik la**
- 4. Vòt RSMPOC yo**

Apèsi ak Mizajou sou RSMPOC

Premye lendi nan mwa a

10 janvyè 2022

7 fevriye 2022

7 mas 2022

4 avril 2022

16 mas 2022

6 jen 2022

11 jiyè 2022

****Pa gen reyinyon nan mwa out la****

12 septanm 2022

3 oktòb 2022

7 novanm 2022

****Pa gen reyinyon nan mwa desanm lan****

Responsabilite RSMPOC yo

- Yo te kreye Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an (Roxbury Strategic Master Plan Oversight Committee, RSMPOC) nan lane 2004 epi se rezilta Plan Estratejik Jeneral Roxbury an (Roxbury Strategic Master Plan, RSMP).
- RSMPOC an se yon reprezantan global katye Roxbury an epi li li genyen ladan li moun Majistra a nonmen, moun eli yo chwazi, asosyasyon katye, ak òganizasyon kominotè.
- RSMPOC an sipèvize aplikasyon Plan Estratejik Jeneral Roxbury an ak PLAN: Nubian Square.

Vin yon manm. Patisipe. Aji.

- **Vin yon manm:** Vin yon manm nan Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an, ak/oswa yon Komite Verifikasyon Pwojè (Project Review Committee, PRC).
- **Patisipe:** Ale patisipe nan reyinyon piblik. Poze kesyon. Envite vwazen yo, gwoup ak òganizasyon sivik Roxbury yo, biznis yo, pwopriyetè ann zòn lan oswa lòt reprezantan nan kominote an nan reyinyon piblik yo.
- **Aji:** Verifye epi kòmante sou pwojè yo, devlopman yo ak inisyativ planifikasyon an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou reyinyon ki gen pou fèt yo, pwojè devlopman yo epi sou kijan pou patisipe, ale sou bit.ly/theRSMPOC

Objektif Plan Jeneral Orijinal

- Asire **yon lavi sivik ak kiltirèl** nan katye a
- Fè pwomosyon **devlopman divès ak dirab** gras ak travay pou rezidan lokal yo
- Asire yon **transpò piblik ak prive ki sekirite epi pratik.**
- Agrandi epi amelyore **lojman pou yon varyete** gwoup sosyo-ekonomik ak gwoup laj
- Kreye yon **espas piblik ki konfòtab, vivan epi sekirite** ki demontre divèsite rezidan lokal yo.
- Amelyore **patisipasyon** ak **otonomi nan kominote an** atravè responsabilite gouvènman an, enstitisyon yo ak biznis yo ki ap pi plis

**2. Rekòmandasyon Deziyasyon
Komite Verifikasyon Pwojè PLAN:
Nubian Square lan:
Pati P-3**

Pwosesis RFP

- Pwosesis PLAN: Nubian Square lan te kòmanse nan lane 2016 pou gide pwosesis RFP an pou 10 pwopriyete piblik.
- Angajman kominotè pèmanan twa lane sa a te egnyen ladan li atelye piblik, vizit apye, reyinyon ak rasanbleman kominotè ann objektif pou pataje enfòmasyon, tabli yon vizyon pou lavni epi chèche konnen opinyon kominote an.
- Objektif devlopman RFP ki te rive tabli yo se te objektif ki te gen pou wè ak bezwen kominote an, tankou lojman a bon pri, devlopman ekonomik, devlopman san deplasman, bon estanda pwofesyonèl, divèsite ak enklizyon, dirabilite, ak lòt avantaj kominotè.

Pwosesis RFP

- Ajans Planifikasyon ak Devlopman Boston an te lanse **Bwat Zouti P-3** an ki te bay enfòmasyon sou enstalasyon fizik la ak istwa pase yo. Bwat zouti an te dekri planifikasyon ak pwosesis RFP an ansanm ak kontèks devlopman an.
- BPDA an te òganize **7 reyinyon piblik** sòti Fevriye rive Out 2021 pou devlope direktiv RFP yo.
- Ant Me ak Septanm 2021, BPDA te lanse yon sondaj pou kominote devlopman an, te òganize yon konferans, epi te òganize yon lòt sesyon travay an rezo **nan objektif pou atire divès ekip devlopman.**
- Te gen yon **premye vèsyon RFP** an ki te pataje ak kominote an epi patisipan yo te gen chans pale sou kontni an epi eksprime chanjman yo swete wè yo. Yo te modifiye RFP an apre sa pou ale nan menm liy ak kòmantè kominote an te fè anvan lansman an.
- Yon RFP te lanse nan dat **27 oktòb 2021** epi yo te soumèt repons devlopè yo nan dat **16 mas 2022.**

Manm Komite Verifikasyon Pwojè a

Manm RSMPOC yo:

- Fred Fairfield
- Steven Godfrey
- Nefertiti Lawrence
- Marisa Luse
- Charlotte Nelson
- Norm Stenbridge
- Sue Sullivan

Rezidan Lokal ak Pwopriyetè Biznis yo:

- Armani White
- Aziza Robinson-Goodnight
- Brandy Cruthird
- Bridgette Wallace
- Gabriela Shelburne
- Haris Hardaway
- Louis Elisa
- Maia Raynor
- Mary Ann Nelson
- Matilda Drayton
- Nina La Negra
- Thomas Gross

Pwosesis PRC a

- Premye fwa PRC an te reyini se te nan mwa avril 2022.
- PRC an te fè plizyè pale pandan tout mwa septanm 2022 an epi yo te rive reyini souvan pandan yon total 8 fwa.
- Epi tou mete sou analiz òf yo pa rapò ak kritè evalyasyon a, PRC an te fè ekip devlopman yo pase entèvyou, te òganize prezantasyon piblik sou òf yo epi li te revize kòmantè piblik yo.

Rekòmandasyon pou Pati P-3 yo

BPDA te resewva de (2) òf pou RFP Pati P-3 an:

- HYM ak My City at Peace (MyCAP)
- Ruggles Progressive Partners (RPP) ak Tishman Speyer

Yon majorite nan PRC an rekòmande opsyon **HYM & My City at Peace** lan.

- Douz (12) manm te klase òf yo pa rapò ak kritè evalyasyon an. Klasman kritè a te an favè HYM/MyCAP
- Vòt final la nan dènye reyinyon PRC an te an favè HYM/MyCAP nan yon vòt 5 kont 2.
- Sèt (7) manm pa t la epi yo pa t vote oswa klase kritè evalyasyon an.



Òf pou Pati P-3 yo

My City at Peace ak HYM

Ekip Pwojè: My City at Peace, HYM, Madison Park Development Corporation, DREAM Development, The Onyx Group, Prive Parking

Pwogram:

- 282 espas lokasyon, 58% revni limite
- 184 espas ki kapab gen pwopriyetè, 78% revni limite
- 617,700 SF Life Sciences (Syans Lavi)
- 47,500 SF Retail (Vant an detay)
- 31,300 SF King Boston
- 10,000 Lab Central Ignite
- 43,500 SF Open Space (Espas Lib)

Ruggles Progressive Partners ak Tishman Speyer

Ekip Pwojè: Tishman Speyer, Ruggles Progressive Partners (RISE Together, Catalyst Ventures Development, HarveyReed, Black Market Development, ak Nubian Square Ascends)

Pwogram:

- 498 espas lokasyon, 100% revni limite
- 62 espas ki kapab gen pwopriyetè, 67% revni limite
- 180,000 SF laboratwa komèsyal/R&D
- 67,000 SF espas vant an detay ak espas kominotè
- 210,000 SF espas lib

Pwen fò Òf pou Pati P-3 yo

HYM ak My City at Peace

- **Konsèp Devlopman:** Pwogram yo pwopoze an konfòm ak istorik planifikasyon rejyon an epi li genyen ladan l yon kantite espas pou pwopriyetè ki gen revni limite ki kapab modifye. Sibvansyon kwaze pou itilizasyon syans lavi yo pèmèt inite rezidansyèl la vin pi fasil pou jwenn.
- **Aksè, Sikilasyon, Koneksyon ak Kontinyite:** Rezo entèn ri yo ansanm ak rezo espas lib yo ofri posibilite kreyasyon espas ak trafik pou ale nan amenajman ki toupre yo.
- **Divèsite ak Enklizyon:** Ekip devlopman an se yon asosyasyon ant yon fim ki pi gwo epi ki tabli ak plizyè ti fim M/WBE. M/WBE yo patisipe nan tout aspè etap òf la, sòti nan pre-devlopman ale nan fonksyonman pèmanan an.

Ruggles Progressive Partners ak Tishman Speyer

- **Konsepsyon Espas nan mitan Vil la** Òf la genyen ladan l yon kantite enpòtan espas lib (64% nan enstalasyon an) epi li pèmèt gen yon koulwa kote moun kapab vann an detay yon fason kreyatif nan objektif pou jwenn opòtinite aktivasyon pou kominote an.
- **Devlopman Dirab:** Òf la fè konnen l ap itilize enèji solè epi li angaje l pou l respekte prensip Solstice Initiative yo pou l bay opòtinite pou moun vin pwopriyetè ann kominote lokal la. Espas laboratwa/biwo an ap gen yon sètifikasyon LEED Platinum.
- **Divèsite ak Enklizyon:** Ekip devlopman an se yon asosyasyon ant Tishman Speyer ak yon gwoup fim MBE AK M/WBE ki mete ansanm. M/WBE yo patisipe nan tout aspè etap òf la, espesyalman nan etap konsepsyon epi nan fonksyonman pèmanan an.

Feblyès Òf pou Pati P-3 yo

HYM ak My City at Peace

- **Devlòpman Dirab:** Òf lan pa gen ladan l okenn espesifikasyon konsènan enèji renouvlab ki sou plas oswa apwovizyonman enèji renouvlab.
- **Konsepsyon Achitekti Kontekstyèl:** Òf pou wotè an respekte kontèks rejyon an, men estil bilding lan pa nan menm liy ak katye ki alantou l la.

Ruggles Progressive Partners ak Tishman Speyer

- **Demonstrasyon Kapasite pou Egzekite Pwojè an Jan sa Prezante a:** Gen ti sousi konsènan 85% nan kapital la ki ta prevwa ale nan kredi fiskal ak sibvansyon pou vil/eta a. Gen kèk aspè nan òf la ki pa prevwa yon sous finansman tou.
- **Repatisyon Mas, Wotè ak Oryantasyon:** Sousi konsènan bilding 241 pye yo pwopoze an pa rapò ak bilding ki alantou l yo nan zòn lan epi sou tout longè Tremont St.

Aprè li fin evalye toude òf yo, PRC an te vote pou rekòmande HYM ak My City at Peace.

Pwochen Etap yo

PRC an te fini ak premye faz travay li an, men pwosesis kominotè an kontinye apati etap sa a.

- Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an ap vote aswè a
- BPDA an ap bay yon Deziyasyon Pwovizwa
- Devlopman an aplike ak apwobasyon epi pèmisyon yo, tankou Atik 80 an ak sibvansyon piblik yo.
- Komite Siveyans Plan Estratejik Jeneral Roxbury an pral kontinye sipèvize chak pwojè nan yon kontèks katye ki pi laj.
- PRC an pral chanje wòl pou l vin gen yon nouvo wòl antanke Impact Advisory Group epi pou l travay ansanm ak pèsònèl Meri an epi kontinye travay antanke yon kominote nan asire yon akò kolaborasyon sou avantaj piblik, bidjè, ak orè.

4. Kesyon ak Kòmantè

5. Vòt RSMPOC a

Vòt RSMPOC yo

- **Se sèlman manm RSMPOC yo ki ta dwe leve men yo vityèlman**
- Jonathan pral konfime ak bouch li chak vòt manm RSMPOC yo epi apre sa li pral konte vòt yo